

Kòman SLTs pran desizyon?

SLT dwe itilize desizyon ki baze sou konsansis kòm fason prensipal pou yo pran desizyon. Pran desizyon ki baze sou konsansis ede manm konekte avèk travay ekip la ak aire ke yo tande ide tout moun. Pran desizyon ki baze sou konsansis bay tout manm pouvwa paske chak manm gen abilite pou li enfluyanse desizyon ekip la.

Pran desizyon ki baze sou konsansis ankouraje yon klima kote manm ekip dispoze pou tande ide lòt paske yo dwe tande preyokipasyon yon manm sou yon pwopozisyon an patikilye avan pou ekip la pousuiv. Responsablite SLT a twò enpòtan pou elèv pou menm yon manm ta santi yo prive l dwa li.



**Pou plis enfòmasyon
ak èd:**

ale sou sitwèb Lidèchip Paran an nan:

www.schools.nyc.gov/Offices/FACE/BecomingaParentLeader/default.htm

Ekip Lidèchip Distri *District Leadership Team* (DLT) founi SLT nan distri yo sipò, gid, asistans teknik, ak rezolisyon konfli.

Pou plis enfòmasyon sou DLT, tanpri wè
[Chancellor's Regulation A-655](#)

Si w gen nenpòt lòt kesyon,
pa ezite kontakte

Division of Family and Community Engagement nan

FACE@schools.nyc.gov oswa
212.374.4118

Ekip Lidèchip Lekòl

Apèsi sou SLT

Division of Family and Community Engagement
Paran ak Fanmi

T&I- 18496 (Haitian Creole)



Kisa SLT a ye?

SLT se machin devlopman pou règleman edikasyon anndan lekòl la ak pou asire ke gen resous pou aplike règleman sa yo. SLT fonksyone an kolaborasyon pou ede nan evalyasyon pwogram edikasyon yon lekòl ak sou efè yo genyen nan reyalizasyon elèv.

SLT jwe yon wòl enpòtan nan kreyasyon estrikti pou desizyon y ap pran nan lekòl ak nan preparasyon chemen pou yon kilti kolaborasyon nan lekòl.

Seksyon 2590-h lwa edikasyon eta Nouyòk egzije pou chak lekòl leta nan Vil Nouyòk pou gen yon SLT.

Anplis, Règleman Chanselye A-655 (CR A-655) etabli règleman pou asire fòmasyon SLT ki efikas nan chak lekòl leta Vil Nouyòk.

Ki wòl SLT a?

SLT a responsab pou devlope Plan edikasyon glibal lekòl la *Comprehensive Educational Plan* (CEP).

SLT a responsab pou pran desizyon ki baze sou konsansis pou devlope CEP a.

Lòt responsablite:

- SLT a pa responsab pou anplwaye ni pou revoke estaf lekòl. Sepandan, dapre Règleman Chanselye C-30, Yo dwe chita pale avèk SLT a avan pou yo anplwaye yon aplikan pou direktè oswa asistan direktè nan lekòl la.
- SLT ap founi yon evalyasyon sou dosye direktè a nan fason li devlope yon relasyon pataj desizyon avèk manm SLT yo pandan ane a chak ane bay distri kominote a oswa sipèentandan lekòl segondè a.

Kiyès ki elijib pou yo nan SLT?

Gen twa manm kominote lekòl la ki se manm obligatwa SLT

a. Se:

- (1) Direktè
- (2) Prezidan Asosyasyon Paran/Asosyasyon Paran-Pwofesè
- (3) Lidè Divizyon *United Federation of Teachers*

Rès ekip la fòme avèk paran ak manm estaf yo eli. SLT dwe gen yon kantite egal paran ak estaf.

SLT a dwe gen elèv tou (yon minimòm de elèv obligatwa nan lekòl segondè) ak reprezantan òganizasyon kominotè *Community Based Organizations* (CBO) k ap travay avèk lekòl

la. Elèv ak reprezantan CBO pa konte lè y ap gade si yon ekip gan menm kantite paran ak estaf.

Konpozisyon egzat SLT lekòl ou a defini nan règleman entèn ekip la.

Konbyen manm ki nan SLT a?

SLT a sipoze gen yon minimòm 10 manm ak yon maksimòm 17 manm.

Kantite egzat manm ki pou nan SLT w la defini nan règleman entèn ekip la.

Sepandan, SLT a dwe gen yon kantite egal paran ak estaf.